

pacelathon antarane Yanti (calon karyawan) marang HRD ing wawancara gaweyan.

HRD : Mangga lungguh, Mbak! Karo Mbak sinten iki?

Yanti : Inggih, matur nuwun, ndherek idin . . . (1) ing kursi menika nggih, Bapak? Tepangaken . . . (2) kula Yanti, saking Semarang.

HRD : Mbak Yanti saka lulusan jurusan apa? Lan entuk informasi bab rekrutmen iki saka sapa?

Yanti : Nggih, kula lulusan administrasi perkantoran. Kula angsal informasi awit . . . (3) kabar saking BKK sekolah kula, Bapak.

HRD : Oh ya, banjur Mbak Yanti duwe . . . (4) apa kanggo nglamar ing posisi lowongan gaweyan iki?

Yanti : Nggih, Bapak, kula . . . (5) kaprigelan ing babagan korespondensi, kearsipan, administrasi kepegawaian, otomatisasi perkantoran, lan sanes-sanesipun.

HRD : Wah, lha apa Mbak Yanti gelem yen diwenahi tugas ing bagian Adminitrasi Gudang?

Yanti : Inggih, menawi kula . . . (6) tugas ing administrasi gudang, sasaged-saged kula badhe sinau kanthi temen, Bapak.

HRD : Kamangka yen ana ing bageyan gudhang, bakale ana jatah mlebu kerja *sif* mbengi, apa Mbak Yanti bisa?

Yanti : Bab menika insyaallah saged, Bapak. Mangke kula . . . (7) dhateng bapak kula supados saged ngeteraken menawi pikantuk *sif* dalu, jalaran . . . (8) Kula caket saking kantor ngriki.

: Oh lha yen pas oleh jadwal *sif* awan, kowe bisa mangkat dhewe? Banjur numpak apa saka ngomah?

: Kula saged . . . (9) piyambak, Bapak. Kula mangke . . . (10) motor piyambak.

: Ya uwis, yen ngono wiwit dina Senen ngarep wiwit mlebu kerja, ya?

: Inggih, Pak, matur nuwun, nyuwun pamit.